



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE NAN SENK SIT RECHAJ RAPID POU VEYIKIL ELEKTRIK VIL LA KE YO ENSTALE ATRAVÈ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL ETA A**

***Sant rechaj rapid Amsterdam lan ofri rechaj pratik dirèkteman nan Thruway la nan Pòtay nan Adirondacks; yo dwe enstale chajè nan Vil DRI yo: Amsterdam, Utica, Geneva, Oswego, ak Middletown***

***Pwogram "DRive EV Downtown" Otorite Enèji New York la ak Depatman Deta avanse objektif enèji pwòp New York yo pou elektrifikasyon Sektè Transpò a pou fè piblisite pou nouvo Konpayi chajè lokal ki lanse konkou konsepsyon otokolan pou antichòk "DRive EV Downtown" pou jènès zòn lan***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman pwogram "DRive EV Downtown" ki pral pote estasyon rechaj rapid veyikil elektrik (electric vehicle, EV) nan zòn anba lavil yo nan Eta New York k ap sibi efò revitalizasyon ak devlopman. Amsterdam nan Konte Montgomery se premye nan senk vil ki pral deplwaye chajè rapid EVolve NY kòm yon pati nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) eta a, ki fè kondwi EV yon opsyon ki pi aksesib pou abitan Amsterdam yo, tout Nouyòkè ak vizitè yo. Pwogram nan ap ede avanse objektif enèji pwòp eta a ki se lidè nan peyi a, tankou dekarbonize sektè transpò a epi redwi emisyon gaz ki lakoz efè sèr an jeneral a 85% disi 2050.

"New York kontinye rete yon lidè nasyonal nan ogmante itilizasyon veyikil elektrik yo, epi mete estasyon rechaj atravè eta a pral pèmèt plis moun rekonèt benefis ki genyen nan asosye inisyativ transpò pwòp ak efò ki ranfòse aktivite ekonomik nan anba lavil nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tout moun an benefisye lè yo jwenn plis machin zewo emisyon sou wout yo ansanm ak envestisman ak devlopman nan anba lavil nou yo. Sa pral rann kominote nou yo vin pi an sante, alafwa sou plan anvivonmantal ak ekonomik."

Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la ak Depatman Deta (Department of State, DOS) te kolabore pou fè Amsterdam vin premye nan senk premye deplwaman chajè yo nan kominote DRI yo. Yo pral enstale sant ki menm jan an nan Utica (Konte Oneida), Oswego (Konte Oswego), Geneva (Konte Ontario), ak Middletown (Konte Orange) pandan kèk mwa k ap vini yo. Sit Amsterdam nan se 10èm ogmantasyon nanrezo enfrastrikti rechaj [EVolve NY](#) NYPA a ki ap pote rechaj ki gen gwo vitès ak aksè ouvè nan lye kle yo nan koridò vwayaj prensipal yo ak nan zòn iben

yo pou ankouraje adopsyon EV yo. Rezo ki nan tout eta a kounye a gen prèske 40 inite rechaj.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa NYPA a, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Lè nou bay opsyon rechaj rapid nan anba lavil eta nou yo pral rann li pi fasil pou rezidan yo ede diminye emisyon ki soti nan sektè transpò a ak pou minisipalite yo kontribye nan avansman objektif anbisyè aksyon klimatik eta a. Pwogram enfastrikti rechaj EVolve NY NYPA a pafètman adapte ak efò revitalizasyon anba lavil la epi li se yon bon fason pou elaji konsyantizasyon piblik la sou fason li fasil ak pratik pou kondwi elektrik."

Inisyativ enèji pwòp la sipòte Lwa Klima York la (Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA)), ki se inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki etabli objektif odasye pou diminye emisyon gaz ki lakoz efè sèr ki chanje klima a ak polisyon nan lè a ki soti nan sektè transpò a.

Nenpòt mak oswa modèl veyikil elektrik ka itilize chajè rapid yo epi chajè sa yo ka chaje pi fò nan kapasite batri a nan yon ti tan nan 20 minit. NYPA pral finanse, enstale, posede ak opere de chajè rapid EV pou chak kote yo chwazi nan kominote DRI yo nan rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) eta a.

**Sekretè Eta a, Rossana Rosado te deklare,** "Revitalizasyon anba lavil la ak enèji pwòp mache men nan men. Amsterdam ap demontre ke enfastrikti enèji pwòp yo ka jwe wòl yo san pwoblèm nan tisi efò revitalizasyon yon vil. Patenarya nou an ak Amsterdam ak Otorite Enèji New York ap ankouraje Depatman Deta a pou li pote rechaj rapid EV nan anba lavil Amsterdam lan, jis yon ti distans ak Thruway la. Atravè kolaborasyon inovatè sa a, New York ap konstwi yon rezo rechaj konplè, ki enpòtan nan satisfè objektif klima eta nou an k'ap mennen nan nasyon an ak sipòte devlopman anba lavil dirab."

[DRI a](#), ke yo te lanse an 2016, vize akselere epi elaji revitalizasyon sant vil yo ak katye yo pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman nan tout dis rejyon eta a. Zòn Amsterdam DRI a etann li sou Mohawk River epi li gen ladan zòn Nò sant vil istorik la ak nouvo zòn anba lavil Southside ki te emèje pandan vil la ap kontinye grandi ak evolue, espesyalman ak nouvo pon pou pyeton an ki ofri pasaj soti nan yon bò nan larivyè a ale nan lòt la. Zòn nan gen espas rezidansyèl ak komèsyal pou itilizasyon miks, yon nouvo sant swen enfimye, plizyè biznis ki deja etabli ak nouvo biznis, ak anpil ekipman pou pak ak ekipman pou lwazi. Vil Amsterdam ap chèche atire investisman nan tè ak batiman amenajb li yo, e li deja idantifye gwo pwojè potansyèl nan kat pwen kadino yo pou jere revitalizasyon an.

Sit Amsterdam nan gen de [estasyon](#) Rechaj Rapid ki bay Kouran Kontini (Direct Current Fast Charger, DCFC) ki gen 150 kW epi ki ekipe ak toulede konektè rechaj rapid yo, Sistèm Rechaj Konbine (Combined Charging System, CCS) a ak CHAdeMO,

konsa tout veyikil elektrik yo, ki gen ladan l machin Tesla yo ki gen yon adaptè, ka ploge ladan epi chaje. Yon espas pakin aksesib pou ADA epi plan "pasaj dirèk" chajè yo pral pèmèt machin elektrik ki gen ti trelè, enkli trelè bato, pou chaje nan sit sa a.

**Manm Kongrè Paul Tonko te deklare,** "Konstwi enfrastrikti veyikil elektrik nou an esansyèl pou atenn objektif enèji pwòp nou yo ak diminye polisyon nan sektè transpò a—ki se pi gwo kontribitè nan emisyon gaz ki lakòz efè sè Ozetazini. Mwen fyè pou m ede dirije efò Kongrè a pou elaji opsyon rechaj EV aksesib piblikman, epi dènyèman mwen te avanse plizyè dispozisyon enfrastrikti EV kle kòm yon pati nan ajanda Build Back Better (Rebati Pi byen) nou an ki pral konplete envèstisman Eta New York ap fè. Mwen kontan paske Amsterdam pral fè pati efò enpòtan sa a pou elaji devlopman EV nou an. Mèsi a tout moun ki patisipe nan pwojè diy sa a ki pral benefisye rezidan yo epi ki pral sipòte yon avni enèji pwòp."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Sektè transpò a se pi gwo sous polisyon klimatik nou an e Amsterdam ap trase chemen nan efò pou asosye enfrastrikti rechaj EV ki nesesè anpil nan revitalizasyon anba lavil la — yon ranfòsman pou anviwònman an ak ekonomi lokal la. Gen enfrastrikti elektrifikasyon pratik ak ki sitiye o sant sa a nan rejyon nou an pral ede akselere tranzisyon an nan yon mobilite ki pi pwòp isit la nan Amsterdam pandan y ap ankouraje vizitè ki pase nan zòn nou an pou patwonize biznis Konte Montgomery yo anvan yo retounen sou wout la. Mwen felisite Otorite Enèji New York la, Majistra Amsterdam lan Michael Cinquanti, ak tout moun ki enplike pou fè avanse konstrikisyon enfrastrikti rechaj EV sa a, ki pral ede New York atenn objektif li yo pou yon avni ki pi vèt, san emisyon."

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Amsterdam se yon lidè, k ap òganize premye chajè a gwo vitès Eta New York ki enstale atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la, ki bay egzanp pou lòt kominote yo nan eta a suiv. Chajè rapid ki sitiye nan zòn anba lavil yo ak toupre wout prensipal yo nan eta nou an rann li pratik ak fasil pou plis Nouyòkè ak vizitè yo kondui veyikil zewo emisyon ki efikas an enèji epi ki adapte ak anviwònman an. Rezidan vil la, pasajè yo, vwayajè k ap pase nan Mohawk Valley a, ak moun ki prale nan Adirondacks sou Route 30 yo ka fè yon kanpe rapid pou chaje pandan y ap jwe wòl pa yo pou kontribiye nan yon kominote ki pi vèt ak pi pwòp."

**Majistra Amsterdam lan Michael Cinquanti, te deklare,** "Pandan Amstèdam gen plan revitalizasyon k ap vanse pou chak gwo seksyon Vil nou an, enkòporasyon estasyon rechaj EV nan chak inisyativ pral esansyèl pou atire epi kenbe rezidan yo ak biznis nou espere ki pral etabli epi revitalize seksyon sa yo. Se poutèt sa nou kontan anpil pou n entegre kolaborasyon "DRIVE EV Downtown" ak DRI Vil nou an."

Eta New York ap fè anpil efò ak envèstisman pou elektrifye sektè transpò a epi redwi emisyon gaz ki lakoz efè sè ki chanje klima a ak polisyon nan lè a. Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon ki fikse yon objektif pou tout nouvo machin pasaje ak kamyon yo vann nan New York gen zewo emisyon disi 2035. Sipòte Charge NY, yon inisyativ Eta New York pou jwenn plis veyikil elektrik sou wout la, lòt inisyativ ak

pwogram pou rechaj ak deplwaman VE yo fèt pou mete 850,000 veyikil zewo emisyon sou wout la disi 2025. Selon pwogram Rabè pou Kondwi yon Fason Ekolojik (Drive Clean Rebate) Eta New York la, yo te bay plis pase 48,000 rabè ki totalize plis pase 61 milyon dola epi yo te vann plis pase 100,000 veyikil elektrik nan Eta New York.

### **Konkou Atistik otokolan antichòk "Drive EV" pou Jèn yo**

Pou ede fè piblisite chajè "DRive EV Downtown" yo nan vil la epi fè pwomosyon pou kondwi elektrik nan Eta New York, pwogram EVolve NY NYPA a ak depatman Jistis Anviwònmantral li a jodi a te lanse tou yon konkou otokolan pou antichòk "Drive EV". Jèn moun ki soti nan yon òganizasyon jenès lokal pral travay ak konseptè grafik ki soti nan konpayi otokolan ki baze nan Amsterdam Sticker Mule pou fè konsepsyon yon otokolan antichòk oswa machin ki ankouraje kondwi EV. Sticker Mile pral enprime konsepsyon ki ranpòte konkou a. Apre sa, yo ka distribye otokolan antichòk la nan evènman piblik kominotè lokal yo ak evènman mobilite elektrik EVolve NY yo jiska 2022. Depatman Jistis Anviwònmantral NYPA a, pwogram EVolve NY li a ap mennen, epi DOS la pral revize soumasyon yo epi chwazi konsepsyon ki pi byen ede yo fè piblisite pou kondwi EV nan anba lavil Amsterdam, nan anba lavil atravè Eta New York yo, ak an jeneral. Jèn yo pral aprann tou sou mobilite elektrik atravè yon kourikoulòm ke Depatman Jistis Anviwònmantral NYPA a te devlope ke yo pataje ak gwoup similè atravè eta a.

### **EVolve NY**

Inisyativ [EVolve NY](#) NYPA planifye pou l enstale jiska 100 chajè atravè Eta New York la rive nan fen lane 2021 an, sa ki pral bay New York twazyèm pi gwo aksè lib (ki disponib pou tout EV) rezo rechaj rapid 150kW+ nan peyi Etazini an. Apre faz konstriksyon EVolve NY sa a finalize, Nouyòkè yo pral kapab kondi nenpòt EV toupatou nan eta avèk chajè rapid ki ka rechaje veyikil yo nan 15-30 minit ki lokalize chak 80 km oswa mwens.

Lòt sit EVolve NY k ap opere atravè eta a gen ladan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy (John F. Kennedy International Airport), LaGrangeville, Oneonta, Syracuse, Watertown, Malone, Schroon Lake, Fairport epi kounye a Schodack nan Konte Rensselaer. Yo pwograme kat lòt sant pou vini nan lokal Stewart's Shops yo nan fen ane a - nan Moreau, Clifton Park ak Latham nan Rejyon Kapital la, ak nan Keene nan North Country.

Pwopriyetè EV yo ka lokalize chajè piblik yo avèk aplikasyon pou telefòn entelijan tankou [Greenlots](#), [PlugShare](#), [ChargeHub](#), [ChargeWay](#), Google Maps oswa sou [Sant Done sou Kabiran Altènatif](#) Depatman Enèji Ameriken (U.S. Department of Energy) an.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a

nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

### **Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la**

[Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. Inisyativ la reprezante yon estrateji planifye-pou-aji ki inovan e san presedan ki asosye planifikasyon estratejik ansanm ak yon mizannèy imedyà.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse ak maksimize envestisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou ranvèsè chanjman klimatik ak pwomouvwa jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sè yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekirite, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsònèl

ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Development, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

### **Enfòmasyon sou NYPA**

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) epi swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/NYPAenergy) @NYPAenergy, [Facebook](https://www.facebook.com/NYPAenergy), [Instagram](https://www.instagram.com/NYPAenergy), [Tumblr](https://www.tumblr.com/NYPAenergy) ak [LinkedIn](https://www.linkedin.com/company/NYPAenergy).

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)